# TEŃELBAY SÁRSENBAEV LIRIKASÍNDA METAFORANÍŃ KÓRKEMLIK XIZMETI

**Jańabaeva H.**
*QMU, Ádebiyattanıw: qaraqalpaq ádebiyatı qánigeligi, 1-kurs magistrantı*

**Annotaciya:** *maqala T.Sársenbaevtiń lirikasında metaforalardıń kórkemlik xizmeti máselesine arnalıp, ilimiy-teoriyalıq miynetler hám shayırdıń «Jarshı» toplamındaǵı qosıqlarına tiykarlanıp jazıldı.*

**Gilt sózler:** *lirikalıq qaharman, konkret kategoriya, kontekst, obyekt, funkciyanı orınlaw processi, shıǵarma kompoziciyası.*

Lirikalıq shıǵarmalardıń kórkemlik dárejesin arttırıwda, lirikalıq qaharman obrazı hám kórkem pikirdi sheber qollanıwda troplar ayrıqsha xizmet atqaradı. Olar qosıqtı hám mazmunlıq, hám formalıq jaqtan rawajlandıradı. Kórkem ádebiyatta troplardıń metafora, metonimiya, sinekdoxa, epitet hám t.b. túrleri bar. Olardıń ishinde eń jıyı qollanılatuǵın, pikirdiń awıspalılıǵın hám ótkirligin táminleytuǵın túrleriniń biri metafora.

Metafora – grekshe sóz bolıp «uqsatıw, salıstırıw» degen maǵanalardı ańlatatuǵın, obyekt yáki hádiyseni basqa bir nárse menen salıstırıwǵa tiykarlanǵan awıspalı mánidegi sóz. Bul sóz ádebiyattanıwǵa termin sıpatında Aristotel tárepinen kirgizilgen. Metafora tiykarınan 4 elementten ibarat:

1. Kategoriya yáki kontekst;
2. Konkret kategoriya quramındaǵı obyekt;
3. Sol obyekttiń funkciyanı orınlaw processi;
4. Sol processtiń real hádiyselerge baylanıslı qollanılıwı yáki ekewiniń parallelligi[1.533-1596].

Basqa troplarǵa salıstırǵanda metafora baslı orındı iyeleydi, óytkeni ol keń túrde sáwlelendiriw múmkinshiligin beredi. Metafora obyekttiń hár túrli belgileriniń uqsaslıqlarına tiykarlanıwı múmkin: reńi, dúzilisi, ólshemi, maqseti, poziciyası hám t.b. Metafora keń mánide sırtqı dúnyanı sanada sáwlelendiriwdi ańlatadı. Kórkem shıǵarmada obrazlar avtor fantaziyasınıń jemisi esaplanadı, metaforanı dóretiwde eki obyekttiń arasındaǵı uqsaslıqtan, derlik bir qıylı kontrasttan paydalanıw basshılıqqa alınadı. Geyde pikir kórkemligin arttırıw maqsetinde metafora ushın bir-birine uqsamaytuǵın eki obyekt tańlap alınadı. Metaforanıń sáwleleniw dúzilisi hám shegarası hár qıylı bolıwı múmkin: obraz geyde sóz yáki fraza arqalı jetkerip berilse, al geyde ol pútin bir baptı yamasa romannıń pútin bir kompoziciyasın qurawı múmkin[2.496].

Sonday-aq teoriyalıq miynetlerde metaforanı ashıq hám jabıq metafora dep ekige bólip qaraw jaǵdayları da bar.

1. Eger uqsatılıp atırǵan predmet túsirilip qaldırılıp, tek uqsawshı predmet berilgen bolsa, ashıq metafora payda boladı.

Dúnya bas shayqasar bizlerge qarap,

Netken hújdansılıq anemiyası.
(I.Yusupov)
... Al búgin aytılmaǵan sózdiń ruwxı
«duwa» bolıp ensin dawılı menen
jawını menen báhár bolıp ensin júregińe.
B.Genjemuratov)

2. Eger tekstte uqsatılatuǵın predmetlerdiń ózi bolıp, uqsawshı predmet túsirilip qaldırılsa, al onıń ayırım belgileri qatnastırılsa jabıq metafora payda boladı. Mısalı:

... – Men óz qoram túwe basqa qoraǵa da shapayman.
– Onda shawdırasań ǵo.
– Shawdırmayman da.
(Sh.Seytov)

(uqsatıwshı obraz – adam, uqsawshı obraz qasqır)[3.14-15].

Maqalamızda talantlı shayır T.Sársenbaev lirikasındaǵı metaforanı

qollanılıw ózgesheligi, qaharman obrazın jaratıwdaǵı kórkemlik xizmeti hám obyekt penen subyekt arasındaǵı metaforalıq baylanıs máselelerin sóz etemiz. Shayırdıń «Jarshı» (1974) dep atalǵan dáslepki toplamındaǵı filosofiyalıq, muhabbat, watan temasındaǵı bir qatar qosıqlarında metaforalardan sheber paydalanılǵanlıǵın bayqawǵa boladı. Mısalı, «Jol» dep atalatuǵın qosıǵında:

Sennen júrdim onı saǵınsam,
Sennen keler meni saǵınǵan,
Saǵınıshlar tınbay aǵılǵan,
Jol[4.3].

Úsh shuwmaqtan ibarat bolǵan bul qosıqtıń ataması jol. Shuwmaqlardaǵı sóz dizbekleri menen qatar qosıqtıń atamasınıń ózi de metaforalıq xizmetti atqarıp kelgen. Bunda shayır obyektiv dúnyadaǵı adamlar júretuǵın jol haqqında ayta kelip, kórkem pikirdi insannıń keleshektegi maqsetlerin belgileytuǵın, keleshek tańlawı bolǵan ómir jolı tuwralı sóz etedi. Bunda tiykarǵı obyekt jol (asfalt jol, soqpaq jol) bolsa, sol obyekttiń salıstırmalı túrde insannıń ómirdegi basıp ótetuǵın basqıshları metaforaǵa aylandırılǵan. Qosıqtıń dawamında:

Mıń-mıń tilek, mıń-mıń úmitler,
Saǵan túsip, niyetke betler,
Asıǵaman mánzilge jetker,
Jol
Keter, dúbir-dúbirdi quwıp,
Keter, dúbir-dúbirdi juwıp,
Meyli, shıqtım belimdi buwıp,
Jol[4.3].

Qosıqtaǵı lirikalıq qaharman anıq maqset jolında belin buwǵan, gózlegen mánziline qaray atlanıw aldında turǵan obraz sıpatında sáwlelengen. Sol qaharmannıń niyetlerine

jetisiw jolındaǵı talpınısı, aldına qoyǵan maqseti ómir jolı metafora járdeminde kórkem bayanlanǵan. Ómir jolı metaforasınıń ayrıqsha

xarakterliligi qosıqtıń pútin kompoziciyasın óz ishine alıwında kórinedi.

Shayırdıń «Bálent vishkalar» atlı qosıǵında metaforalardıń avtor ideyasın

kórkem pikirler menen jetkeriwde sheber qollanılǵanlıǵın kóriwimiz múmkin. Shayır qosıqta túnde adamlardıń jolın jarıtıp, baǵdar berip turıwshı shıraqlar haqqında ayta kelip, insannıń ómirin jaqtırtıp turıwshı shıraq, adamgershilik, mehir-muhabbat haqqında sóz etedi. Mısalı:

Bawırın qaq jarıp qara bultlardıń,
Kókke iyin tirer bálent vishkalar.
Iske ıǵılǵanın kórip jurtlardıń,
Kókke iyin tirer bálent vishkalar.
Álem aydınında qulashın kerip,
Kókke iyin tirer bálent vishkalar[4.10].

Qosıqtıń dáslepki shuwmaǵında keltirilgen qara bultlar metaforası vishkanıń kórkemlik xizmetin kúsheytip tur. Bunda jamanlıqtıń, jawızlıqtıń bawırın jarıp shıǵıp, kókke talpınǵan adamgershilik, hújdan metaforası vishka obyektiniń tiykarında shayır fantaziyası menen dóretilgen. Aqırǵı eki shuwmaǵında bolsa álem aydınında keń qulashın jayıp, kókke iyin tiregen vishka adamzat dúnyasına óziniń adamgershilik nurların shashıwda, insanlardıń qálbine nur quyıw jolında gúresip, iyin tiresip atırǵan jaqsılıq penen salıstırmalı súwretlengen kórkem metafora xizmetin atqarıp kelgen. Vishka ózine jaqsılıqtı negiz etip, alǵan avtor tárepinen dóretilgen kórkem metafora.

Sonday-aq shayırdıń muhabbat qosıqlarında kórkem metaforalar lirikalıq qaharmannıń xarakterin, ishki gúyzelislerin, ruwhıy halatın sáwlelendiriwde sheber qollanılǵan. «Saǵınsam seni» qosıǵında lirikalıq subyekttiń obyektke qaratılǵan júrek sezimleri metaforalar arqalı kórkem bayanlanǵan:

Muhabbat maydanı sawda salǵanda,
Diydar ańsap dúzde kózim talǵanda,
Sen dep saǵınıshtı satıp alǵanda,
Jollar azabına tańılǵanım bar,
Qos tal kóleńkesin jamılǵanım bar,
Saǵınsam seni[4.15].

Shuwmaqtıń derlik barlıq qatarında shayır metaforanı qollanǵan. Lirikalıq

qaharmannıń ıshqı dártine giripdar bolǵanlıǵı ápiwayı ashıq boldım sóz dizbegi menen bayanlanbaydı, ol muhabbat maydanına túsedi, ıshqı jolında saǵınıshtı satıp aladı, arzıwlısına degen saǵınıshı, ıntıqlıq sezimleri onı jol azabına giripdar etedi. Shuwmaqtaǵı saǵınıshtı satıp alıw, jol azabına tańılıw, tal kóleńkesin jamılıw metaforalarınıń barlıǵı da obyektiv is-háreketke tiykarlanıp, kórinistegi hádiyseler menen salıstırmalı túrde avtor fantaziyası arqalı dóretilgen. Avtor metaforanı qollanıwda oǵan negiz bolǵan iz-háreketlerge orginal qatnas jasawı arqalı lirikalıq qaharmannıń muhabbat sezimlerin

kórkem pikir menen sáwlelendirgen. Keyingi shuwmaqlarda metaforalar lirikalıq qaharmannıń sezimlerin sáwlelendiriwde tábiyat hádiyselerin janlandırıp qollanılǵanlıǵın kóremiz:

Samallar sayılı qula dúzlerdiń,
Jolım shın gúwası jańa izlerdiń,
Diydarı toysın dep talǵın kózlerdiń,
Saǵan baslamasa ergim kelmeydi,
Jollardıń tınıshın bergim kelmeydi.
Saǵınsam seni[4.16].

Qosıq shuwmaǵında lirikalıq qaharmannıń debdiwleri, romantikalıq qıyalı tábiyat hádiyselerin janlandırıwshı kórkem metaforalar arqalı súwretlengen. Lirikalıq qaharman samal kibi jolda sayıl boladı, jollardan súyikli yarına aparıwın soraydı, tuwrı soqpaqtı, kewil soqpaǵın kórsetpegen jollardıń mazasın alıp, gózlegen jolın siltewin soraydı. Eki metafora da lirikalıq qaharmannıń muhabbat sezimlerin kórkem sáwlelendiriwde sheber qollanılıp, tábiyatqa lirikalıq subyekttiń janlı qatnas jasawǵa urınıwı pikirdiń kórkemliginiń artıwına xizmet etken.

Juwmaqlap aytqanda shayır T.Sársenbaevtiń lirikalarında qollanılǵan metaforalar pikirdiń kórkemligin arttırıwda, avtorlıq fantaziyanı, qosıq kompoziciyasın kórkem bayanlawda sheber qollanılǵan. Shayır qosıqlarındaǵı metaforalar lirikalıq qaharmannıń sezimlerin súwretlewge qaratılǵan, avtor maqsetin ashıp beriwde de sheber qollanılǵan, sonday-aq qosıqtıń pútin bir
kompoziciyasın qurap, shıǵarma mazmunın, ideyasın ózinde jámley alǵanlıǵı menen ózgeshelenedi.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:

1. Анкерсмит Ф.Р. История и типология: взлёт и падение метафоры. / пер. с англ. Кукарцева М., Коломоец Е., Кашаев В. – М.: «Прогресс-Традиция». 2003.
2. Метафора // Литературная энциклопедия терминов и понятий / Под ред. Николюкина А.Н. – Институт научной информации по общественным наукам РАН: Интелвак. 2001.
3. Dosımbetova A. Ádebiyatta kórkemlew quralları. Nókis, «Qaraqalpaqstan». 2017.
4. Сәрсенбаев Т. Жаршы. Нөкис, «Қарақалпақстан». 1974.